

Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Yesus
Sareng
Zakheus



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.





Hiji poé, Yesus ngaliwatan Yériho. Ieu kota geus ancur ku Yosua ti baheula. Ayeuna kota éta diwangun deui sareng seueur jalma anu cicing di dinya. Di antarana aya hiji lalaki ngaranna Sakeus.







Panginten jalma-jalma anu sanés di Yérikho henteu resep pisan ka Sakeus sabab anjeunna ngumpulkeun artos pajeg ti aranjeunna. Sakeus ngirimkeun sababaraha duit ka pamaréntah - tapi tetep nyimpen keur dirina sorangan.




Janten tukang mulung pajeg matak Sakeus beunghar pisan. Imahna panginten anu pangageungna sareng anu pangsaéna di daerah eta.



Tapi anjeunna oge
pondok pisan - lain
pondok duit, tapi
pondok tina
jangkungna. Sakeus
teu kungsi tumuwuh
saluhur jalma séjén.





Nalika Sakeus

ngadangu yen Yesus aya di Yerikho, tukang mulung pajeg anu pondok eta hayang ningali Lalaki urang Nasaret anu ngaku Putra Allah. Tapi ririungan teh kandel pisan ... jalma jararangkung sakulilingna.





Sakeus gaduh ide! Upami
anjeunna tiasa payuneun
balaréa... naék tangkal
anu ngagantung di jalan...
anjeunna bakal tiasa
ningali Yesus.



Naék kana tangkal ara, Sakeus
manggihan batang cagak anu nyaman
dina dahan-dahanna,
tuluy diuk cicing bari
ngadagoan Yesus.

"Kuring bakal ningali,"
panginten kitu pikirna.

"Kuring bakal ningali
Anjeunna bari
henteu katingali
ku batur."



"Sakeus, geura turun."
Tukang mulung pajeg
eta teh saeutik oge teu
percaya kana ceulina.
Yesus nangtung handapeun
tangkal. Yesus ningali
ka anjeunna. Yesus
nyauran anjeunna!






Lamun Sakeus reuwas ngadéngé Yesus ngageroan manéhna, manéhna pasti leuwih heran deui nalika Yesus ngadawuh, "Poé ieu Kami kudu aya di imah anjeun." Sakeus tuturugun turun, anjeunna ampir-ampir labuh.



Sakeus bungah pisan yén Yésus bakal nganjang ka imahna. Tapi jalma-jalma henteu resep. Maranéhanana humandeuar yén Yesus teu kudu ngadatangan jelema nu ngalakukeun dosa kawas Sakeus.






Yesus mawa kahirupan anyar pikeun Sakeus. Saur Sakeus, "Gusti, abdi masihan satengah harta abdi ka nu miskin. Jeung lamun kuring geus curang ka sasaha, abdi bakal masihan deui opat kali lipat."



Yesus bungah dina kahirupan
anyar Sakeus. Anjeunna
bungah pisan ningali
jalma-jalma kaluar
tina dosa sareng
ngalakukeun anu leres.
Yesus nyarios, "Putra
Manusa sumping
pikeun milarian
sareng nyalametkeun
anu leungit." Poé
éta di Yeriho, Yesus
manggihan Sakeus!



Yesus Sareng Zakheus

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Lukas 19

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130



Rengse



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

